



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OGMANTASYON SALÈ POU PÒS ENFIMYÈ YO  
POU AMELYORE EFÒ REKRITMAN AK RETANSYON NAN TOUT ETA A**

***Ogmantasyon salè yo benefisye plis pase 6,500 anplwaye nan Eta a atravè 15  
ajans Eta a***

***Fè pati angajman jeneral Gouvènè a pou elaji mendèv swen sante a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon seri ogmantasyon salè pou pòs enfimyè nan ajans Eta New York yo pou ede amelyore rekritman ak retansyon nan mendèv swen sante Eta a. Ogmantasyon yo, ki reprezante kompleksite k ap monte nan travay enfimyè yo ak gwo egzijans kalifikasyon pou enfimyè yo, pral pote salè depa enfimyè ki anrejistre k ap travay lajounen nan prèske 90,000 dola nan nò eta a ak 108,000 dola nan sid eta a lè yo konbine avèk diferans salè yo. Ogmantasyon salè yo pral benefisye apeprè 6,500 anplwaye Eta New York ki nan 15 ajans Eta yo.

"Aprè plis pase de ane sou premye liy nan batay kont COVID-19 la, enfimyè New York yo merite plis pase rekonesans nou yo - yo merite yon peman ki jis ak konpetitif", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmantasyon salè sa yo reflète angajman eta nou an pou sipòte travayè swen sante nou yo epi yo pral ede nou kenbe ak rekrite pwochen jenerasyon enfimyè yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Eta New York te mete ajou kèk tit enfimyè, kote mizajou yo reprezante yon ogmantasyon mwayèn salè 4.5 pousan pou chak tit. Tit enfimyè ki anrejistre yo pral anboche kounye a tou nan mitan ranje salè a. Anplis de sa, tit enfimyè ki anrejistre yo pral resevwa yon peman pou gwoup travay ki ajou pou ajoute yon ogmantasyon 7 pousan nan peman debaz pou gwoup travay nan aswè a (4:00 pm rive 12:00 am) ak yon ogmantasyon 10 pousan nan peman debaz pou gwoup travay nan aswè (12:00 am jiska 8:00 am).

Ogmantasyon salè sa yo se anplis ogmantasyon diferans jeyografik salè pou tit enfimyè oksilyè ki anrejistre ak ki gen lisans ki te adopte nan kòmansman ane sa a. An jiyè, pòs enfimyè ki anrejistre ki nan Mid-Hudson ak zòn sid eta yo te resevwa yon diferans salè jeyografik 35,000 dola, yon ogmantasyon 94 pousan nan diferans 18,000 dola anvan yo. Pòs enfimyè ki anrejistre nan rès eta a te resevwa tou yon diferans salè jeyografik 20,000 dola, yon ogmantasyon 67 pousan nan diferans salè 12,000 dola anvan yo. Nan

mwa me, pòs enfimyè oksilyè ki gen lisans ki sitiye nan zòn Mid-Hudson ak nan sid eta a te resevwa yon diferans salè jeyografik 13,000 dola, yon ogmantasyon 550 pousan pa rapò ak diferans anvan 2,000 dola ak pòs ki sitiye nan rès eta a te resevwa yon diferans jeyografik 4,000 dola, yon ogmantasyon 100 pousan pa rapò ak diferans 2,000 dola anvan an.

Ogmantasyon salè a prevwa gen pi gwo enpak nan ajans sa yo, ki kounye a gen pi gwo kantite pòs ki kalifye:

- Inivèsite Eta nan New York (State University of New York, SUNY) - 3,381 anplwaye
- Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) - 1,663 anplwaye
- Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) - 674 anplwaye
- Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) - 518 anplwaye
- Depatman Sante (Department of Health, DOH) - 371 anplwaye
- Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports, OASAS)- 120 anplwaye

**Komisè Depatman Sèvis Sivil Eta New York, Timothy Hogues, te deklare,** "Eta New York anplwaye plizyè milye enfimyè, ki bay sèvis enpòtan atravè ajans eta nou yo pou pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo. Lè nou ofri enfimyè nou yo ogmantasyon salè ki byen merite sa yo, ajans patnè nou yo pral pi byen pozisyon pou kenbe anplwaye talantye ak devwe sa yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Depatman Sèvis Sivil la ap travay di pou mete an aplikasyon chanjman pou pi byen sipòte ak kenbe mendèv piblik nou an kounye a epi asire konpansasyon nou an konpetitif pou atire pwochen jenerasyon talan nan karyè nan sèvis piblik".

**Prezidan Federasyon Anplwaye Piblik la, Wayne Spence, te deklare,** "PEF (Federasyon Anplwaye Piblik) la te defann, pandan plizyè ane, ekite salè ak restriktirasyon tit pou enfimyè nan sendika nou an. Nou kontan paske Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Sivil la te pran mezi pou ogmante nivo salè yo epi rekonpanse sèvitè piblik devwe sa yo. Nan yon moman kote nou tout te wè enpòtans sèvis sante piblik yo, New York dwe kontinye fè tout sa li kapab pou atire ak kenbe enfimyè yo".

Ogmantasyon salè sa yo fè pati angajman ak investisman istorik Gouvènè Hochul pou retabli mendèv swen sante a epi konstwi sistèm swen sante demen an. Nan kad Bidjè ane fiskal 2023 ki te adopte a, Gouvènè Hochul ap investi plis pase 10 milya dola nan swen sante, ki gen ladan plis pase 4 milya dola pou sipòte salè ak bonis pou travayè swen sante yo. Sa gen ladan yon investisman 1.2 milya dola pou pwofesyonèl swen sante ak ijyèn mantal yo, avèk jiska 3,000 dola bonis ki prale jwenn pwofesyonèl a tan plen yo ki rete nan pòs yo pandan yon ane epi bonis pwopòsyonèl pou sila yo ki travay mwens lè.

Eta New York pwomouvwa yon anviwònman ki ankouraje ak sipòte kwasans pwofesyonèl ak opòtinite karyè pou enfimye epi li anplwaye plizyè milye Enfimye Pratisyen, Enfimye Anrejistre, ak Enfimye Oksilyè Lisansye nan ajans ki toupatou nan Eta a.

Enfimye yo ki travay nan gouvènman Eta a resevwa:

- Pake benefis konplè, ki gen ladan benefis retrèt
- Yon bann opsyon mobilite karyè
- Yon gwo seleksyon edikasyon, devlopman pwofesyonèl, ak opòtinite pou fòmasyon
- Ranbousman frè lekòl ak èd pou frè lekòl

Pou plis enfòmasyon sou karyè enfimye nan sèvis piblik yo, vizite [Karyè Enfimye nan Gouvènman Eta a](#).

Pou aprann plis sou kijan pou travay pou Eta New York ak kijan pou franchi pwochen etap pou fè yon karyè ki gratifyan nan sèvis piblik, tanpri vizite [sitwèb Depatman Sèvis Sivil](#) la epi swiv Depatman Sèvis Sivil la sou [Facebook](#), [Twitter](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418